

Si ou se yon lokatè ki gen pwoblèm degèpisman, men 6 bagay kle pou w sonje sou dwa ou yo

1

Yo PA KAPAB mete ou deyò amwenske yon jis pase lòd pou w kite kay la.

2

Si mèt kay la ba ou yon lèt degèpisman oswa di ou kite kay la, ou PA OBLIJE SOTI amwenske yon jij òdone li. Ou gen dwa pou ale nan yon odyans nan tribinal.

3

Li ilegal pou yon pwopriyetè kay chanje kadna ou oswa fèmen dlo ou pou fòse ou soti san pèmasyon yon jij. Pou plis enfòmasyon sou degèpisman ilegal, vizite: rb.gy/04q9v3.

4

Nouvo règ eta ak federal ka pwoteje ou kont degèpisman pandan pandemi COVID-19 lan, ki gen ladan moratwa kont degèpisman CDC a. Pou konnen si ou kalifye epi telechaje fòm lan pou bay mèt kay ou, ale nan: rb.gy/whj9uw. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dispozisyon eta yo, ale sou: rb.gy/y1aitp.

5

Ou kapab elijib pou asistans legal gratis. Si ou te resevwa yon lèt degèpisman oswa si yo te depoze yon degèpisman kont ou nan tribinal, ale nan: rb.gy/hkn5qo.

6

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo lè ou gen pwoblèm degèpisman, ale sou: rb.gy/ku0eju.

Gen nouvo resous pou ni lokatè ak pwopriyetè ki abite nan kay yo pou ede ou kenbe kay ou

Pou Lokatè yo

Dwe lwaye kay ou

Ou ka jwenn:

Èd pou aplike pou asistans ak lwaye nan zòn ou a:
rb.gy/lcqcgv

Pwopriyetè kay la menase li pral mete ou deyò swa aloral oswa alekri

Ou ka jwenn:

Èd legal nan Pwojè Èd Legal pou Degèpisman COVID la:
rb.gy/hkn5qo

Resevwa papyè tribinal pou yon degèpisman

Ou ka jwenn:

Èd legal nan Pwojè Èd Legal pou Degèpisman COVID la:
rb.gy/hkn5qo

Asistans sou dosye ou a nan men yon defansè lokatè nan zòn ou an:
rb.gy/qgwjvx

Enfòmasyon sou ki kote pou jwenn plis resous: Rele 2-1-1

Pou Pwopriyetè ki Abite Lakay yo

Èske ou se yon pwopriyetè ki abite lakay ou?

Èske ou abite nan pwopriyete pou 2 a 3 fanmi ou posede / jere?

Resous legal ak finansye ka disponib pou ou

CELHP la pou ede atravè Pwojè a Avoka Benevòl la!



Kontakte nou
CELHP@vlpnet.org
617-603-1700

evictionlegalhelp.org

